

MODHEL PASINAON MACA GURITAN
**MODHEL PASINAON MACA GURITAN DENING SUMONO
ING SMPN 1 PANGGUL KELAS IX C**

JURNAL



DENING:

YUSUF WIDHIARSO

082114236

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
2013**

MODHEL PASINAON MACA GURITAN
**MODHEL PASINAON MACA GURITAN DENING SUMONO ING SMPN 1
PANGGUL KELAS IX C**

Yusuf Widhiarso

(082114236)

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

yusufwidhiarso@gmail.com

ABSTRAK

Piwulangan Basa Jawa, mligine ing materi maca guritan, kerep dianggep minangka kegiatan kang mbosenake, kurang nantang, lan kurang diperlokake ing padinan amarga basa kang ana ing guritan angel dimangerteni. Mula saka iku, perlu meruhi cara kang ditindakake dening saperangan guru sajrone mulangake materi maca guritan. Kalebu meruhi modhel pasinaon kang digunakake dening guru kang juru gurit. Iki katindakake supaya mangerteni modhel pasinaon sing endi kang bisa ditrepake kanggo mulang materi maca guritan.

Gayut karo andharan mau, bisa didudut underane rembug ing panliten iki yaiku: (1) Kepriye anggone ngrancang pasinaon maca guritan kang ditindakake dening Sumono? (2) Kepriye modhel pasinaon maca guritan kang ditindakake dening Sumono? (3) Kepriye pandadare pasinaon maca guritan kang ditindakake dening Sumono?. Adhedhasar punjering panliten mau, panliten iki nduweni tujuwan yaiku : (1) Ngandhrake ngenani rancangan pasinaon maca guritan dening Sumono. (2) Ngandharake modhel pasinaon maca guritan dening Sumono. (3) Ngandharake pandadare pasinaon maca guritan dening guru kang juru gurit.

Paedahing panliten yaiku ngandharake babagan modhel pasinaon maca guritan dening guru kang juru gurit. Lan kanggo panyengkuyung pasinaon basa Jawa. Saliyane iku, mbok menawa panliten iki bisa migunani kanggo mahasiswa ing Jurusan Basa Jawa, uga piwulang Basa Jawa ing sekolah-sekolah mligine babagan wulangan sastra.

Panliten babagan modhel pasinaon maca guritan iki kanthi cara potret yaiku ngandharake kang ditindakake dening Sumono nalika nindakake pasinaon maca guritan. Tata cara kang digunakake nalika nitingi dhata nggunakake metode *deskriptif kualitatif*, yaiku tata cara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka *subjek* panliten.

Babagan tata cara panglumpuke dhata nggunakake metodhe observasi, perekaman, wawancara, lan teknik cathet. Ngenani subjek ing panliten yaiku Sumono, dene kang dadi objek yaiku anggone nindakake pasinaon maca guritan. Piranti kang digunakake sajrone panliten yaiku panliti, kamera kanggo ngrekam, buku cathetan, lan laptop utawa komputer. Tata cara ngandharake dhata nggunakake cara deskriptif yaiku ngandharake kanthi nggunakake tetembungan.

Andharan ngenani pasinaon maca guritan dening Sumono kawiwitan saka rancangan pasinaon kang digawe. Rancangan pasinaon kang digawe dening Sumono minangka pangrembakane rancangan saka MGMP kang didadekake RPP karakter lan digayutake klawan kahanane siswa lan sekolahan. Tata lakune pasinaon katindakake kanthi sistematis awit pambuka, punjere lan panutupe pasinaon. Pandadaran kang ditindakake uga mujudake pandadaran performansi kang trep klawan pasinaon maca guritan. Metodhe kang digunakake ing pasinaon maca guritan minangka metodhe gabungan antarane ceramah lan tanya jawab. Modhel pasinaon kang digunakake Sumono minangka permodhelan. Guru menehi tuladha maca guritan lan minangka modhel.

Abstrak

Pembelajaran bahasa Jawa, khususnya pada materi membaca puisi, sering dianggap kegiatan yang membosankan, kurang menantang, dan kurang diperlukan karena bahasa dalam puisi sulit dimengerti. Oleh karena itu, perlu untuk mengetahui cara yang digunakan oleh

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

beberapa guru dalam mengajarkan materi membaca puisi. Termasuk juga untuk mengetahui model pembelajaran yang digunakan oleh guru yang sebagai pengarang puisi. Hal ini dilakukan untuk mengetahui model pembelajaran yang mana yang sesuai diterapkan untuk mengajarkan materi membaca puisi.

Dari penjelasan diatas, dapat diambil masalah yang dibahas dalam penelitian ini yaitu: (1) bagaimana bapak Sumono membuat rencana pembelajaran membaca puisi yang akan dilakukan? (2) bagaimana model yang digunakan bapak Sumono dalam mengajarkan pembelajaran membaca puisi? (3) bagaimana evaluasi yang dilakukan bapak Sumono dalam pembelajaran membaca puisi? Dari rumusan masalah itu, penelitian ini mempunyai tujuan yaitu : (1) menjelaskan rencana pembelajaran yang dilakukan bapak Sumono dalam pembelajaran membaca puisi. (2) menjelaskan model pembelajaran yang dilakukan bapak Sumono dalam pembelajaran membaca puisi. (3) menjelaskan evaluasi yang digunakan bapak Sumono dalam pembelajaran membaca puisi.

Manfaat penelitian ini adalah menjelaskan mengenai model pembelajaran membaca puisi oleh guru yang pengarang puisi, dari itu dapat dilihat model pembeajarannya yang akan bisa memberi warna pada pembelajaran bahasa Jawa. Selain itu, penelitian ini diharapkan bisa memberi kegunaan kepada mahasiswa di Jurusan Bahasa Jawa, dan juga pembelajaran bahasa Jawa disekolah-sekolah khususnya pada pembelajaran sastra.

Penelitian mengenai model pembelajaran membaca puisi ini dengan cara potret, yaitu menjelaskan yang dilakukan oleh Sumono ketika melakukan pembelajaran membaca puisi. Tata cara yang digunakan untuk menganalisis data adalah dengan menggunakan metode deskriptif kualitatif, yaitu tata cara menganalisis data dengan menggunakan kata bukan angka yang bisa memberi keterangan atau penjelasan penelitian berdasarkan data yang dihasilkan dari subyek penelitian.

Mengenai tata cara mengumpulkan data menggunakan metode observasi, perekaman, wawancara, dan teknik mencatat. Subyek dalam penelitian ini adalah Sumono, sedangkan obyeknya adalah cara yang digunakan Sumono dalam melakukan pembelajaran membaca puisi. Instrumen yang digunakan dalam penelitian yaitu peneliti, kamera untuk merekam, buku catatan, dan laptop atau komputer. Tata cara menjelaskan data menggunakan cara deskriptif yaitu menjelaskan dengan menggunakan kata-kata.

Penjelasan mengenai pembelajara membaca puisi oleh Sumono dimulai dari perencanaan pembelajaran yang digunakan. Rencana pembelajaran yang digunakan oleh Sumono merupakan pengembangan rencana dari MGMP yang dijadikan sebagai RPP berkarakter dan dikondisikan sesuai dengan keadaan siswa dan sekolah. Pelaksanaan pembelajaran dilakukan dengan cara sistematis dari awal, inti dan penutup pembelajaran. Evaluasi yang dilakukan juga menunjukkan evaluasi teknik performansi yang sesuai dengan pembelajaran membaca puisi. Metode yang digunakan merupakan metode gabungan dari metode ceramah dan tanya jawab. Model pembelajaran yang digunakan adalah permodelan dan guru sebagai modelnya.

PURWAKA

Trampil maca guritan minangka perangan saka katrampilan basa. Katrampilan basa nduweni patang jinis katrampilan. Patang jinis katrampilan basa yaiku nyemak, maca, wicara lan nulis. Katrampilan nyemak lan maca minangka katrampilan *reseptif*, dene katrampilan wicara lan nulis minangka katrampilan *produktif*. Patang katrampilan basa kasebut sekabehane diwulangake ana ing sekolahan. Pasinaon maca guritan uga kalebu pasinaon basa kang diwulangake ana ing sekolahan.

Piwulangan Basa Jawa, mligine ing materi maca guritan, kerep dianggep minangka kegiatan kang mbosenake, kurang nantang, lan kurang diperlokake ing padinan amarga basa kang ana ing guritan angel dimangerteni. Mula saka iku, perlu meruhi cara kang ditindakake dening saperangan guru sajrone mulangake materi maca guritan. Kalebu meruhi modhel pasinaon kang digunakake dening guru kang juru gurit. Iki katindakake supaya mangerteni modhel pasinaon sing endi kang bisa ditrepake kanggo mulang materi maca guritan.

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

Panliten iki ngrembug pasinaon maca guritan kang ditindakake dening juru gurit yaiku bapak Sumono. Bapak Sumono mulang ing SMPN 1 Panggul. Bapak Sumono minangka juru gurit kang onjo, kabukten nganti saiki akeh asil reriptane kang ngrenggani sawernane kalawarti basa Jawa, kaya dene *Panjebar Semangat, Jaya Baya, Mekar Sari lan Jaka Lodhang*. Asil reriptane ora mung ana ing kalawarti nanging uga dibukokake. Saka antologi-antologine bapak Sumono kang paling onjo yaiku antologi guritan “Layang Panantang”. Antologi iki nate pikantuk *bebana Rancage*. Saliyane minangka dadi sastrawan Jawa kang onjo, bapak Sumono uga minangka guru basa Jawa. Bapak Sumono lulus sarjana saka pawiyatan luhur ing Surabaya yaiku Unesa jurusan basa Jawa.

Bapak Sumono dadi subjek panliten amarga bapak Sumono minangka sastrawan kang asi reriptane luwih akeh ketimbang sastrawan liyane ing angkatane utawa dekadene. Asil reriptan iku mau kabukten saka karya kang kaemot ana ing kala warti-kala warti kang isih ngrembaka. Mula saka iku bapak Sumono dadi subyek ing panliten iki. Panliten ngenani pasinaon maca guritan kang ditindakake dening guru kang uga juru gurit iku minangka potret pasinaon. Ing kene panliti ngandharake apa kang ditindakake dening juru gurit sajeronne mulangake pasinaon maca guritan. Ana panliten iki panliti lumrahe kaya wong kang golek warta utawa diarani *wartawan*. Wewaton kang digunakake uga minangka wewaton kang digunakake dening *wartawan*, tegese panliti mung ngandharake kanthi *objektif* tanpa ngowahi apa kang ditindakake dening subjek panliten.

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, punjere panliten iki bakal ngrembug kepriye pasinaon maca guritan kang ditindakake dening bapak Sumono minangka juru gurit, awit saka rancangan, titi laksana, pandadar lan modhel kang digunakake sajrone nindakake pasinaon maca guritan. Dene tujuwane panliten iki yaiku ngandharake kepriye rancangan, panindak, pandadar lan modhel kang digunakake dening bapak Sumono nalika nindakake pasinaon maca guritan.

Paedah saka panliten iki bisaa migunani kanggo menehi sumbangan pamikir sajeronne pasinaon basa Jawa ing lembaga formal. Lan uga bisa nyumbang masukan

marang pangrembaka pasinaon maca guritan kang arupa modhel pasinaon. Saliyane iku, Kanggone para guru, asil saka panliten iki dikarepake bisa mbiyantu tumrap para guru sajeronne ningkatake kuwalitas pasinaon basa Jawa mligine pasinaon maca guritan. Lan kanggone para siswa bisa luwih gampang mangerteni carane maca guritan.

Sajrone panliten iki ana wates-watese prekara kang kudu ditrapake panliti, amrih dhata panliten iki ora nggrambyang lan bisa dititiki kanthi cetha. Wates-watese yaiku kaping pisan panliten iki mung nitiki punjere prekara kanthi perangan rancangan pasinaon. Kaping pindho, panliten iki ngandharake ngenani modhel pasinaon maca guritan. Banjur kaping telune, pandadar pasinaon maca guritan.

TATA CARA PANLITEN

Panliten kang dianakake iki nggunakake cara *deskriptif*, yaiku kanggo nggambarake pasinaon maca guritan kang dilakoni dening guru kang juru gurit. Tata cara *deskriptif* digunakake kanggo nggambarake ngenani sawijining kahanan ing sawijining wektu.

Panliten *deskriptif* yaiku panliten kang mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kang kanthi *empiris* tuwuh lan kedadeyan saka lapangan utawa wewengkon tertamtu. Dhata kang wis diklumpukake banjur pantha-pantha miturut jinis, sipat, utawa kahanane. Sawise iku dhata kang jangkep banjur didudut utawa diandharake (Arikunto, 2002: 3)

Subjek utama panliten yaiku bapak Sumono minangka guru. Bapak Sumono ing panliten iki minangka *subjek* panliten, merga bapak Sumono ang nindakake pasinaon maca guritan. Kang dadi objek ing panliten iki yaiku sekabehane panindak kang dilakoni dening bapak Sumono sajrone mulang pasinaon maca guritan. Panindake bapak Sumono kang dadi objek awit panjenengane nggawe rancangan pasinaon, tata lakune pasinaon maca guritan kalebu modhel kang digunakake lan evaluasi saka pasinaon maca guritan.

Tata Cara kang dienggo kanggo ngumpulake data kanggo panliten yaiku nggunakake metode observasi, wawancara, perekaman, lan teknik nyathet.

Observasi ditindakake panliti kanthi mlebu kelas langsung ing pasinaon maca guritan sahingga panliti bisa ngamati kanthi

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

langsung prastawa-prastawa kang kedadean sajeroné pasinaon maca guritan. Saliyané iku, panliti uga bisa nggatekake kahanan ing sakiwa tengene pasinaon kang ditindakake. Sajrone observasi langsung, sesambungan kang asifat langsung kanthi cara raket marang subjek, nduweni panindak kang netral lan ora ngowahi pasinaon kang ditindakake. Panliti uga ora ngowahi utawa *ngintervensi* prastawa, apa kang dideleng, dirungokake, lan dirasakake yaiku minangka dhata.

Wawancara yaiku cara kang digunakake nalika pawongan kang nduweni tugas tartamtu nyoba ngolehake katrangan saka responden kanthi cara omong-omongan langsung. Miturut Arikunto (2002:155) wawancara yaiku tata cara ngumpulake data kanthi menèhi pitakonan-pitakonan marang responden kanggo golek informasi kang dibutuhake.

Panliti sadurunge wis nyiapake pitakonan-pitakonan lan ana pitakonan kang tuwuh nalika nganakake wawancara. Kanthi teknik wawancara kasebut panliti bisa lancar anggoné wawancara marang informan. Bab-bab kang kudu dilakoni sajroning nindakake wawancara yaiku: (1) nyiapake pitakonan kang arep ditakokake, (2) panliti nekani informan, (3) panliti nglaksanakake wawancara, lan (4) nyathet bab-bab kang wigati lan wangsulan kang diwenehake informan saka asil wawancara.

Teknik perekaman ditindakake kathi tujuwan mikoleh dhata kang sabeneré, kang arupa dokumen otentik. Ngrekam pasinaon nggunakake kamera digital merk Samsung 76 i. Kamera iku wis bisa ngrekam kanthi becik. Kang direkam yaiku tata lakune pasinaon maca guritan kang ana ing kelas.

Kamera digital kang digunakake kanggo ngrekam ditindakake kanthi langsung kanggo njaga alamining panliten. Mula saka iku, kanggo ngrekam nggunakake kamera digital nduweni kekarapan tikel. Kang kapisan kamera iku kanggo ngrekam lan wujudé cilik sahingga ora pati katon yen ing pasinaon iku direkam.

Teknik cathet yaiku nyathet sakabehing kedadean kang wigati sajroné pasinaon maca guritan katindakake. Fungsi cathetan yaiku nyathet konteks lan tuturan kang diucapake dening subjek. Dhata kang dicathet nyengkuyung marang dhata langsung saka

ngamati lan rekaman. Cathetan ditindakake nalika pasinaon maca guritan kaleksanan. Panliti nyathet bab kang wigati sajroné pasinaon. Kagolong materi kang diwulangake lan kedadean-kedadean sajroné pasinaon maca guritan.

Sadurunge nindakake panliten, bab sing kudu digatekake yaiku ngenani *instrumen* utawa piranti sing dibutuhake ing sajroné panliten. *Instrumen* ing panliten iki uga nduweni paedah sing wigati banget. *Instrumen* iku minangka *alat* utawa piranti kanggo njupuk data panliten. Miturut Arikunto (2002:126) *instrumen* minangka pirantining panliten supaya tata cara sing digunakake cocog lan gathuk. *Instrumen* ing kene bisa kanggo nggampangake panaliti anggoné nglumpukake data-data sing diprelokake ing panliten.


Instrumen utawa piranti sing digunakake ing panliten iki yaiku: Panaliti minangka instrument utama, kamera kanggo ngrekam, *laptop* utawa komputer, cathetan, lan buku-buku ngenani *pasinaon maca*, mligine *maca guritan* lan buku-buku liyané sing bisa kanggo nyengkuyung panliten.

Tujuan dianakake pambiji yaiku kanggo meruhi apa murid wis utawa durung nguwasani sawijining *kompetensi dasar* tartamtu. Piranti pandadaran utawa evaluasi kang digunakake dening bapak Sumono arupa *lembar pengamatan*. *Lembar pengamatan* digunakake ing pasinaon maca guritan amarga pandadarane arupa tes *performansi*.

Dhata kang wis diklumpukake banjur dijlentrehake kanthi cara *deskriptif kualitatif*. Tata cara *deskriptif* yaiku tata cara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menèhi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka *subjek* panliten (Moleong, 2000:3). Panliten kualitatif iki nggunakake teknik observasi kanggo nglumpukake dhata sahingga kahanan pasinaon lumaku kanthi alami tanpa ana gangguan saka panliti.

Kanggo luwih cethane, ing ngisor iki bakal dijlentrehake kanthi bagan, ngenani konsep tata carane panliten.

MODHEL PASINAON MACA GURITAN



LANDHESAN TEORI

Sajeroning nindakake sawijining pasinaon, kang kudu ditindakake yaiku ngrancang pasinaon kang bakal dilakoni. Aqib (2002:111) ngandharake yen rancangan yaiku nyusun langkah-langkah kang arep ditindakake kanggo nggayuh tujuan kang ditemtokake. Alma (2009:20) ngandharake yen teges saka mulang yaiku sekabehane pangupaya kang dilakoni kanthi sengaja kanggo nuwuhake proses sinaune siswa sajeroning nggayuh tujuan kang wis dirumusake, mula kang dadi sasaran ing pungkasan saka proses pasinaon yaiku siswa sinau. Aqib (2002:69) uga ngandharake yen evaluasi minangka upaya kanggo meruhi nganti sepira siswa nggayuh tujuan pasinaon. Pandadar utawa pambiji kudu trep klawan *validitas, reliabilitas, objektivitas, efisien, lan praktis*. Saliyane iku sasaran saka evaluasi ing asiling pasinaon yaiku ing pangrembakakne perangan *kognitif, afektif, lan psikomotor*. Aziz Wahab (sajerone Alma, 2009:99) ngandharake modhel pasinaon yaiku minangka sawijining rancangan pasinaon sing nggambarake proses kang ditindakake ing proses pasinaon supaya ginayah owah-owahan kanthi spesifik ing pratingkahe siswa kaya kang dikarepake. Tarigan (1979:22) ngandharake yen maca kang ana ing sekolahan, utamane ngenani maca guritan iku nggunakake jinis maca banter (nyaring). Maca guritan kang ana ing sekolahan utawa pasinaon ditindakake kanthi maca banter

amarga, sajeroning maca guritan dituntut maca ing ngarep kelas.

Saka andharan ing ndhuwur bisa jlentrehake yen ta saben pasinaon katindakake kanthi cara sistematis. Tegese ditindakake kanthi tahapan-tahapan kang dirancang sadurunge lan kudu dilakoni. Sajrone nindakake pasinaon kudu dilakoni awit rancangan, tata lakune, pandadar lan nemtokake modhel pasinaon kang digunakake. Sakabehing andharan dening para ahli kasebut minangka dhasaring teori ing panliten iki.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Adhedhasar masalah panliten lan tatacara ngolah dhata, panliti merang dhata kanthi analisis kaya ing ngisor iki:

1) *Rancangan Pasinaon Maca Guritan*

Saka rancangan pasinaon kang digunakake dening bapak Sumono kaperang dadi telu yaiku:

a) **Rancangan Administrasi**

Rancangan administrasi kang digunakake dening Bapak Sumono yaiku prangkat kang digawe dening paguyuban para guru ing wewengkon kabupaten Trenggalek. Paguyuban iku ana ora mung ing kabupaten Trenggalek, nanging lumrahe ing saben kabupaten ana paguyuban guru-gurusaben mata pelajaran. Lumrahe paguyuban iku diarani MGMP (Musyawarah Guru Mata Pelajaran).

Bapak Sumono uga nggunakake prangkat utawa rancangan administrasi kang digawe ing MGMP. Panjenengane nggunakake rancangan kang padha amarga kurikulum kang digunakake uga padha. Isi saka rancangan administrasi kang digawe ing pasewakan MGMP iku arupa *SK, KD, Silabus, lan RPP*. Pancen pasewakan MGMP ngasilake sawernaning prangkat pasinaon, cara-cara lan piranti kanggo nggampangake anggone mulang para guru iku. Sarujuk klawan ngendikane Bapak Sumono yen ing MGMP iku pancen bisa luwih nggampangake anggone mulang lan ngrampungni sekabehane masalah magepokan pasinaon basa Jawa. Kaya kang diandharake bapak Sumono yaiku DW (1)

DW (1) “*Lan saka MGMP iku bisa nggampangake para guru anggone ngrancang sawernane pasinaon lan nggawe prangkat pasinaon. Amarga*

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

ing MGMP iku ngasilake sawernane prangkat pasinaon lan bisa ngrembug kanthi bebarengan apa-apa kang ana gegayutane klawan pasinaon”

Senadyan nggunakake rancangan administrasi kang padha klawan ing MGMP nanging bapak Sumono ora langsung nggunakake prangkat iku kanthi langsung. Panjenengane isih nintingi prangkat kang digunakake iku. RPP saka MGMP iku durung jangkep, mula panjenengane isih nintingi lan njangkepi RPP iku. Rancangan kang disusun saka MGMP kang digunakake ing pasinaon kudu ditintingi maneh, amarga senadyan kahanan sosial, lingkungan, sekolahan lan siswa ing wewengkon kabupaten iku meh padha nanging mesthi ana kang mbedakake. Mula saka iku, rancangan pasinaon kudu ditintingi maneh kanggo digunakake ing pasinaon kang bakal ditindakake dening guru. Kaya kang diandharake bapak Sumono

DW (2) *“Tuladane RPP kang dakgunakake kuwi saka MGMP kabupaten Trenggalek lan dak kembangake dadi RPP berkarakter kaya kang dikarepake ing kurikulum KTSP iki. Kanggo ngembangake kuwi aku uga nggayutake klawan kahanan sekolah lan para siswa ing SMP kene”*

Sarujuk klawan DW (2) yen rancangan pasinaon kang digunakake miturut kurikulum KTSP kudu nggunakake RPP karakter. Mula saka iku, bapak Sumono ngowahi RPP saka MGMP didadekake RPP karakter lan ditrepake klawan kahanan siswa lan sekolahan. Pasinaon becike ngandhut perangan kognitif, afektif lan psikomotor. Sajrone RPP karakter telung ranah iku kudu dikatonake utawa kudu ditulis. Saliyane iku, uga njangkepi tujuwan kang bakal digayuh, indikator, materi lan piranti kanggo evaluasi.

Materi kang digunakake dicundhukake klawan kelas lan tingkatan siswane. Milih lan nemtokake sawijining materi kang diwulangake ing pasinaon ora bisa kanthi ngawur, nanging kudu dipikir kathi temenan. Saliyane materi, ana kang wigati kang ditulis sajrone rancangan administrasi yaiku perangan evaluasi. Evaluasi kang ana ing RPP lan silabus kalebu piranti lan cara kang digunakake kanggo ndhadhar siswa magepokan pasinaon kang ditindakake. Pandadar kang digunakake dening bapak

Sumono ing pasinaon maca guritan padha klawan pambiji kang digunakake ing lomba-lomba maca guritan. Bapak Sumono saliyané minangka juru gurit panjenengane uga kerep minangka juri ing lomba maca guritan.

b) Rancangan Sarana

Rancangan sarana kang digunakake ing pasinaon maca guritan iki ora pati angel lan ora akeh. Sajrone pasinaon maca guritan kang ditindakake dening bapak Sumono pancen mung nggunakake sarana kang prasaja, amarga Sumono nduweni pamikir yen nggunakake sarana kang akeh nanging ora bisa maksimal malah bisa ndadekake pasinaon kang ora *efektif* lan *efisien*. Nalika wawancara bapak Sumono ngandharake kaya kasebut ing ngisor iki:

DW (3) *“Ing rancangan sarana iki sajrone pasinaon maca guritan aku mung nggunakake sarana-sarana kang ana ing kelas. Kaya dene papan tulis, buku siswa, LKS lan antologi geguritanku dhewe”*

Ing DW (3) kasebut sarana kang digunakake iku kaperang dadi loro. Sepisan dicepakake dening panjenengane lan kang kapindho dicepakake dening sekolahan. Sarana kang disiapake dening panjenengane yaiku arupa buku, dene kang wis dicepakake dening sekolahan yaiku papan kanggo nulis, piranti kanggo nulis, meja, kursi lan LKS. Sarana kang digunakake dening bapak Sumono iku wis trep klawan tujuwan pasinaon, materi, metodhe, anane piranti kang dibutuhake, panindak pasinaon, pandadare, guru, kawasisanne siswa lan suasana pasinaon.

c) Rancangan Rasa Pangrasa/Psikologis

Anggone bapak Sumono ngrancang pasinaon maca guritan ing perangan psikologis utawa rasa pangrasa, kang sepisan yaiku nalika panjenengane nintingi RPP lan silabus kang bakal ditindakake ing pasinaon. Ing kene bapak Sumono, sinambi nintingi RPP uga ngrancang konsep lan materi kang bakal diwulangake. Sejatine babagan materi lan konsep kang diwulangake wis kabentuk sajrone pamikire apa maneh materi pasinaon magepokan sastra. Saka kahanan iku bisa ndadekake rasa percaya marang panjenengane kanggo nindakake pasinaon. Saliyane iku kang ditindakake dening bapak Sumono ing rasa pangrasane yaiku

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

kanggo njaga kawibawane panjenengane nganggo busana kang tata, busana kang lumrahe digunakake dening para guru. Saka busana kang merbawani siswa kang diwulang bisa nduweni pamikir kanthi becik lan positif tumrap gurune. Kejaba saka iku, bisa nuwuhake swasana kang nyengkuyung marang proses pasinaon.

Kanggo njaga rasa pangrasa kang becik lan siap kanggo nindakake pasinaon kudu njaga awake. Kahanan awak menahi daya pangaribawa tumrap rasa pangrasane utawa psikologis. Apa maneh bapak Sumono iku meh saben dina mulih menyang Ponorogo. Kaya kang diandharake dening bapak Sumono :

DW (4) *“Ing saben dina senin isuk aku budhal menyang panggul saka Ponorogo kanthi sepedhahan. Ing kene aku nganti dina selasa. Dina kemis aku bali mreng maneh nganti sabtu aku mulih menyang Ponorogo. Pancen yo adoh, nanging wis pakulinan dadi ora pati krasa. Kanggo njaga kesehatan aku nggatekake marang manganku lan ngati-ati nalikane sepedhahan”*

Saka DW (4) bis didudut, anggane mulang budhal saka Ponorogo menyang Panggul ing kabupaten Trenggalek, adohe watara 100 km. Kanthi panggonan kang adohe semono ditindakake kanthi numpak sepedhah montor, mula piyambakake kudu bisa njaga kahanan awake supaya bisa mulang kanthi maksimal. Amarga saka kahanan awak kang ora kepenak bisa nuwuhake rasa kang nguciwani sajrone pasinaon. Dene awak kang bregas bisa nuwuhake lan nindakake pasinaon kang *konduif* lan *maksimal*.

Rasa pangrasa utawa kahanan psikologis kang ana ing siswa uga kudu disiyapake. Iki ateges siswa kang bakal nindakake pasinaon bisa kanthi maksimal anggane nampa materi lan nindakake pasinaon. Anggane bapak sumono ngrancang rasa pangrasane siswane sajrone pasinaon maca guritan iki, dirancang adoh sadurunge pasinaon iki kalaksanan. Piyambakake ngrancang lan nyiapake rasa pangrasane siswane kanggo nampa pasinaon maca guritan ditindakake nalika isih ing pasinaon sadurunge. Pasinaon sadurunge kang ditindakake yaiku magepokan nulis guritan. Panjenengane wis menahi informasi yen pasinaon ing minggu sabanjure magepokan maca guritan. Saka informasi iku,

siswa bakal nduweni pamikir lan bakal nyiapake dhewe magepokan materi kang bakal ditampa ing minggu sabanjure.

Pasinaon kang ditindakake bapak Sumono ing patemon sadurunge uga menahi tugas supaya padha nyinaoni guritan kang bakal diwulangake yaiku guritan kang ana ing LKS. Saka tugas iku para siswane wis nyinaoni guritan dhewe, mula para siswa iku bakal siap nampa pasinaon maca guritan. Saliyane iku, kang utama dibutuhake dening siswane kanggo nampa materi yaiku motivasi utawa panyemangat kanggo nindakake pasinaon. Motivasi iku kudu kabangun sadurunge pasinaon ditindakake, mula kudu disiyapake kanthi temenan supaya pasinaone bisa lancar. Kaya kang diandharake bapak Sumono ing ngisor iki :

DW (5) *“Ing rancangan rasa pangrasa, yen ing siswa dak siyapake awit minggu sadurunge pasinaon kaleksanan. Kaya ing pasinaon maca guritan iki, minggu sadurunge bocah-bocah wis dak kandhani yen minggu sabanjure ngenani pasinaon maca guritan lan para siswa uga dak kon sinau ngenani materi iku”*

Saka DW (5) iku mau bisa didudut yen ing pasinaon maca guritan dening bapak Sumono nduweni sesambungan kang raket klawan pasinaon ing sadurunge. Pasinaon sadurunge yaiku ngenani nulis guritan, mula para siswa bisa siyap nampa materi pasinaon maca guritan.

2) *Tata Lakune Pasinaon Maca Guritan*

Pasinaon kang dadi sumbering panliten yaiku pasinaon maca guritan ing SMP Negeri 1 Panggul kang gurune minangka juru gurit. Pasinaon iku ditindakake ing kelas IX C, pasinaon ditindakake ing tanggal 7 sasi Maret tahun 2012, kawiwitan saka jam 7 esuk.

Kegiatan pasinaon ditindakake kanthi tahap-tahap kaya: pambuka/kawitan, inti, lan panutup/pungkasan. Tahap-tahap iki kaya kang dirumusake sajrone RPP. Ing kene bakal dibandingake antarane rancangan kang digawe klawan panindake. Rancangan pasinaon kang digawe dening bapak Sumono kaya kang diandharake sadurunge ditandhingake klawan panindak pasinaon kang dilakoni dening bapak Sumono. Andharane kaya dijlentrehake ing ngisor iki:

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

a) Pambuka/Kawitan

Ana ing pambukane pasinaon iki dibandingake antarane ing rancangan lan panindak langsung. Kaya kang diandharake iki:

(1) Pambuka Pasinaon ing RPP

Rancangan pasinaon kang digawe dening bapak Sumono minangka pangrembakane rancangan kang digawe ing MGMP. Bapak Sumono ndadekake rancangan utawa RPP iku dadi RPP karakter. Pambukane pasinaon sajrone RPP kaperang dadi telu yaiku: *sepisan* guru miwiti pasinaon kanthi ngucapake salam lan ngabsen para siswa, *kapindho* nggoleki kaweruhe siswa ngenani pasinaon kang bakal dilakoni, *katelu* guru ngandharake tujuan pasinaon lan kegiatan kang bakal dilakoni.

Saka rancangan pasinaon kang digunakake dening bapak Sumono pancen prasaja. Ing pambukane pasinaon ana telung perangan kang dirancang. Telung perangan iku diwenehi wektu watara 15 menit. Kanthi wektu 15 menit iku pambukane pasinaon kudu ditindakake.

(2) Pambukane Pasinaon ing Kasunyatan

Kanggo bebuka pasinaon bapak Sumono uluk salam nalika mlebu kelas. Sawise menehi salam bapak Sumono ngabsen para siswane. Ngabsen kang ditindakake dening guru, ora mung meruhi siswa kang mlebu apa ora, nanging uga kanggo nuwuhake karakter lan rasa empati marang siswa.

Sabanjure ing pambukane pasinaon kang ditindakake dening bapak Sumono yaiku ngandharake materi lan tugas kang ditindakake ing pasinaon sadurunge. Andharan magepokan pasinaon sadurunge lan apresiasi marang tugas kang digarap siswa saka pasinaon sadurunge iku,

DR (1) *“Minggu kepungkur bocah-bocah tak ajak bebarengan praktek nulis sawijining geguritan, sawise tak delok iki mau pranyata asile lumayan”*

Ing DR (1) minangka rantamane pambuka pasinaon kang wigati uga. Perangan iki kang ndadekake beda klawan rancangan kang disusun sajrone RPP. Yen ing RPP andharan ngenani pasinaon sadurunge iki ora katulis, nanging ing tata lakune pasinaon iki ditindakake dening bapak Sumono.

Bapak Sumono banjur milih siswa loro supaya maju ing ngarep kelas. Saka bocah loro iku bisa dadi wakil kanggo meruhi kepriye katrampilane para siswa ing perangan maca guritan. Kalorone diutus maca guritan ing ngarep kelas kanthi sabisane.

DR (2) *“Aku pengin bocah loro maca ning ngarep, sabisane dhisik sadurunge bocah-bocah tak jak ngrembug maca guritan kuwi piye ta?? Siap durung maca ning ngarep?”*

Sawise siswa iku wis padha maca, banjur bapak Sumono ngajak para siswa ngoreksi bebarengan kepriye anggone maca kancane loro ing ngarep kelas iku. Bapak Sumono uga ngandharake yen ukurane karya sastra iku dudu bener apa salah, nanging ukurane apik lan ala. Panjenengane uga ngandharake yen karya sastra lair kanthi unik mula, ora bisa didakwa salah apa bener, semono uga wong maca guritan. Saka iku mau kabeh wis menehi motivasi lan nuntun marang siswane supaya siap nampa pasinaon kang bakal ditindakake.

Saka rancangan kang kasusun ing RPP mung ditulis yen ing pambukane pasinaon kudu meruhi kawasisan siswa ngenani pasinaon kang bakal dilakoni. Panindake bapak Sumono yaiku nggunakake tuladha maca guritan kang dilakoni dening siswane. Saka anggone maca siswane iku banjur dirembug bareng klawan sekabehane siswa.

Kanggo pambuka pasinaon sabanjure bapak Sumono uga ngandharake tujuan saka pasinaon kang bakal ditindakake. Andharan iki sarujuk klawan rancangan ing RPP.

b) Punjere Pasinaon

Punjering pasinaon utawa kegiatan inti sajrone pasinaon wis katulis ana ing RPP, nanging panindake isih bisa ora padha. Kaya kang ditindakake dening bapak Sumono ing andharan ngisor iki:

(1) Punjere Pasinaon ing RPP

Rancangan pasinaon utawa RPP minangka pathokan kanggo nindakake pasinaon. Rancangan punjere pasinaon kang digawe dening bapak Sumono yaiku:

Sepisan para siswa ngrungokake salah sawijine kanca maca guritan ing ngarep kelas.

Kapindho siswa takon ngenani tetembungan kang durung dimangerteni sajrone guritan kang diwaca.

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

Katelu siswa lan guru bebarengan nafsirake tegese guritan kang diwaca.

Kapapat guru njlentrehake materi ngenani maca guritan.

Kalima guru takon menahi wektu marang siswa kanggo nakonake yen ana bab kang durung dimangerteni.

Kaenem siswa maca guritan ing ngarep kelas kanthi cara gentenan.

Saka punjering pasinaon kang kasusun iku bapak Sumono ngrancang kanthi wektu watara 50 menit. Kanthi wektu kang dirancang iku diajab bisa nindakake pasinaon kanthi trep.

(2) Punjering Pasinaon ing Kasunyatan

Kegiatan inti sajrone proses pasinaon nduweni perangan kang wigati kanggo nggayuh tujuan kang wis ditemtokake sajrone kurikulum. Sajrone nindakake punjere kegiatan pasinaon kudu ditindakake kanthi runtut, amarga sajrone kegiatan inti ana perangan-perangan kang kudu dilakoni dening guru. Semono uga kang ditindakake dening bapak Sumono ing kegiatan inti. Sadurunge mlebu menyang materi kang bakal diwulangake, bapak Sumono menahi pangiring. Pangiring kang digunakake bisa nuwuhake pangrasa karaketan lan bisa nuwuhake rasa reseptif kanggo nindakake pasinaon.

Siswa kang maju ana ing ngarep kelas lan menahi tuladha maca guritan uga kalebu ing punjering pasinaon. Amarga saka tuladha maca guritan iku bapak Sumono bakal nerusake intining pasinaon. Bapak Sumono langsung ngandharake ngenani anggane maca siswane ing ngarep kelas iku. Para siswa diajak ngrembug carane maca guritan kang apik.

Kanggo pangiring materi maca guritan bapak Sumono mbandhingake antarane maca guritan lan nembang. Tembang minangka sastra Jawa anyar dene guritan minangka sastra Jawa modern.

DR (3) “*Yen dibandhing karo maca liyane, maca guritan nduweni ciri khas sing kudu dingerteni dening bocah-bocah. Yen dibandhingne karo karya sastra liyane, contone tembang karya sastra jawa gagrag anyar. Padha apa ora nembang karo maca guritan? Bedane ning endi kira-kira? Sapa ngerti? Lagone piye macane piye? Nembang karo maca gurit, padha-padha karya sastrane.*”

Saka DR (3) panjenengane ngandharake bedane ing antarane maca tembang lan guritan, yaiku yen tembang anggane maca wong pira wae bakal padha, amarga ing tembang ana titi laras kang kudu dinut. Dene yen maca guritan iku saben wong siji lan sijine bisa beda, amarga gumantung marang pemahamane wong kang maca tumrap geguritan kang bakal diwaca.

Panindak sabanjure, bapak Sumono ngandharake materi ngenani maca guritan. Materi maca guritan kang diwulangake dening bapak Sumono antarane: teknik vokal, interpretasi, lan ekspresi.

DR (4) “*Wis ngasilake sawijining karya sing apik kanggo ukurane bocah-bocah. Saiki aku kepingin, kejaba bocah-bocah nulis iki engko maca kanthi becik uga. Sing digatekake, supaya bocah-bocah bisa maca kanthi becik, ana sawetara kang kudu digatekake (nulis ing papan tulis). Supaya bocah-bocah bisa maca gurit kanthi becik, paling ora kudu nggatekake telung perkara iki. Sepisan teknik vokal, kapindho interpretasi, kaping telu penampilan.*”

Saka DR (4) telung perkara kang ditulis ing papan tulis iku bapak Sumono njlentrehake siji mbaka siji. Kang sepisan, panjenengane njlentrehake teknik vokal. Wong yen maca guritan kang dirungokake yaiku vokal utawa swarane. Ukurane swara kang apik yaiku cetha, banter, lan nggambarake karakter guritan kang diwaca. Ing kene bapak Sumono menahi tuladha maca guritan saben perangan saka kang disebutake utawa kang diandharake.

Materi kang wis disiapake banjur diterusake, maca guritan kang wigati kapindho yaiku interpretasi utawa penafsiran makna.

DR (5) “*saiki tak bacutne maneh interpretasi (nulis ing papan). Interpretasi kuwi apa? Wengi yen bocah-bocah nulis kang perlu digatekake diksi yaiku pamilihe tembung. Yen maca kang perlu digatekake interpretasi, apa kuwi? Ning kene bisa diwenehi pengertian kira-kira utawa ing basa Indonesiane penafsiran makna*”

Saka DR (5) kasebut yen sajrone maca ing ngarepe wong akeh sawijining guritan kudu digatekake, diwaca bolak-balik nganti bisa dimangerteni kanthi temenan. *Diinterpretasi*

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

utawa dikira-kira apa tegese, sebabe sawijining tembung kang padha yen anggone ngucapake ora padha bisa ngasilake teges kang beda uga, ing kene bapak Sumono menahi satembung diucapake kanthi cara kang beda kanggo mbuktekake yen nuwuhake teges kang beda. Semono uga kanggo maca guritan supaya anggone ngucapake pas kudu diinterpretasi luwih dhisik, dikira-kira apa tegese. Tuladha mau dilebokake menyang guritan, methik sawijining guritan kang diwaca. Saka tuladha guritan iku mau banjur *diinterpretasi* lan digoleki kepriye macane kang trep. Sadurunge nambah ing materi sabanjure, para siswane diwenehi kesempatan kanggo takon maneh yen ana materi kang durung dimangerteni.

Kaping telu kang dadi ukurane maca guritan kang diandharake dening bapak Sumono yaiku penampilan utawa ekspresi. Sadurunge dijlentrehake kanthi cetha, bapak Sumono takon marang siswane magepokan ekspresi iku. Siswane iku mangsuli sabisane, ana kang kurang trep, ana kang meh bener.

DR (6) *Guru : sing kaping telu ya kuwi penampilan, (nulis ing papan). Ironing maca gurit sing dikarepne penampilan kuwi apa?*

Siswa : klambi.

Guru :dadi miturut awakmu sing dimaksud penampilan iku sandhang penganggo? Setuju marang pendapat Santoso?

Siswa : boten”

Ing DR (6) iku nuduhake pacelathon kang ditindakake bapak Sumono klawan siswane. Para siswa ditakoni ngenani materi maca guritan, saka wangsulan iku mau, dening bapak Sumono ana kang digawe guyonan. Iku ndadekake siswa akrab marang gurune, lan uga siswa bisa kepenak anggone nampa materi, amarga siswa nyantai anggone nampa pasinaon.

Ana ing maca guritan sadhar apa ora nalika maca guritan iku nggunakake basa cacah telu kanthi bebarengan.

DR (7) *“ironing maca guritan sing dikarepake penampilan yaiki, keserasian antarane telung basa iki. Keserasian basa wantah, basane awak, lan basane praen iki sing disebut penampilan ironing maca guritan”*

Saka DR (7) kasebut bisa diandharake yen sajrone maca gutitan nggunakake telung basa. Telung basa iku kang *sepisan* basa wantah, basa

wantah yaiku basa kanthi apa anane, yen maca prosa yaiku basa prosa, yen guritan yaiku basa guritan. Saka andharan iku diwenehi tuladha kanthi maca guritan kanggo nuduhake basa wantahe guritan. Basa wantah bisa diarani basa kang diucapake dening lambening manungsa kang trep klawan apa kang diwaca.

Kapindho, basane awak utawa ing basa Indonesia diarani “bahasa tubuh”. Dadi nalika maca guritan kang ngomong dudu mung lambene, nanging awake kudu melu ngomong. Basa awak iki dibutuhake kanggo nyengkuyung basa wantah supaya basa wantah iku mau cetha. Nanging basa awak aja nganti kakehan obah uga aja nganti tanpa obah, mung kang diperlokake kanggo nyengkuyung basa wantah iku. Banjur bapak Sumono menahi tuladha maca guritan maneh lan dijlentrehake.

Katelu, basane praen, dadi kang omong kejaba lambe utawa basa wantah, basane awak, nanging uga basane praen/ekspresi/mimik. Praen kudu bisa nggambarake karakter guritan, yen sedhik kepriye praen kang sedhik, nesu lan liya-liyane.

Bapak Sumono nerusake andharane, saka telung ukurane maca guritan iku ana bab kang paling wigati. Kaya kang diandharake bapak Sumono nalika nindakake pasinaon iku.

DR (8) *“Saka telung perkara iki pancen penting banget, nanging kudu ana sing dicekel dhisik dhewe, dikuwasiani dhisik yaiku interpretasi. Yen bocah-bocah bisa nginterpretasi kanthi pas, mengko bakal bisa ngucapake kanthi pas”*

Saka andharan ing DR (8) kasebut bisa didudut yen nginterpretasi kanthi pas, mengko bisa bakal ngucapake kanthi pas, amarga weruh marang karepe guritan kang diwaca. Nanging yen *interpretasine* wis mlese mengko yen ngucapake bakal kesleo. Carane *nginterpretasi* yaiku diwaca kanthi bola-bali, sawise iku nyoba diucapake kanthi becik lan basa liyane. Maca guritan kang kaya mangkono iku kanggo wong akeh.

Andharan materi kang diwulangake kasusun kanthi sistematis, mula anggone mulangake uga kanthi tahap-tahap. Materi pasinaon kang *sistematis* pancen bisa nggampangake proses pasinaon. Bapak Sumono anggone ngandharake materi kanthi diperang-perang. Perangan kapisan kaperang maneh minangka andharan saka point kang rowa, semono uga ing point materi sabanjure.

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

Materi kang diandharake dening bapak Sumono bisa ditampa kanthi cetha dening para siswa, amarga panganggone basa kang trep lan kepenak dimangerteni. Materi kang diwulangake trep klawan teknik kanggo maca guritan, yaiku ing perangan *vokal*, *performansi*, lan *interpretasi*. Para siswa sawise nampa materi saka bapak Sumono banjur diwenahi wektu sawetara kanggo maca guritan kang ana ing LKS kang bakal diwaca ing ngarep kelas.

c) Pungkasan/Panutup

Kegiatan akhir utawa pungkasan minangka rantaman saka proses pasinaon, mula kudu dirancang lan ditindakake. Rancangan lan panindak panutup pasinaon maca guritan dening bapak Sumono kaya ing ngisor iki:

(1) Panutup Pasinaon ing RPP

Panutup pasinaon kang dirancang dening bapak Sumono ana rong perangan. Kang kapisan guru bebarengan siswa ndudut saka proses pasinaon lan asiling pasinaon. Kang kapindho guru mungkasi pasinaon lan uluk salam. Wektu kang dirancang kanggo nindakake panutupe pasinaon yaiku watara 10 menit.

(2) Panutup Pasinaon ing Kasunyatan

Ing pungkasaning pasinaon uga dibutuhake sawijining panguwat marang materi kang diwulangake. Mula bapak Sumono ngambali materi kang wis diwulangake kanthi saklebatan, kanggo ngarahake siswa marang bab-bab kang wigati. Katrangan tambahan iku dirasa wis cukup banjur ana evaluasi maneh.

Evaluasi ing pasinaon maca guritan kang ditindakake dening bapak Sumono iki, ing babagan materi kang diwulangake. Nganti sepira para siswa iku nampa materi kang diwulangake. Kanggo meruhi iku bapak Sumono menehi pitakonan ngenani materi kang diwulangake mau. Pitakonan-pitakonan iki kalebu ing ranah kognitif, mula pitakonan iku magepokan kaweruhe siswa tumrap materi kang wis diwulangake mau. Sabanjure kanggo mungkasi pasinaon maca guritan dina iku bapak Sumono uluk salam lan metu saka kelas iku.

3) Pandadare Pasinaon Maca Guritan

Proses pandadaran pasinaon nggunakake cara kang beda-beda ing saben materi kang diwulangake. Cara kang digunakake gumantung marang materi, tujuwan

kang dirancang, lan apa kang dievaluasi. Tes kang digawe dening guru pancen minangka tes paling ora ajeg, ateges tes iku sawayah-wayah bisa owah. Nanging tes kang digawe guru iku becik, amarga kang mangerteni tumindak ing proses pasinaon yaiku guru..

Pasinaon maca guritan kang ditindakake dening bapak Sumono, nggunakake teknik unjuk kerja utawa diarani *performansi*.

DW (6) “*Kanggo evaluasi ing pasinaon maca guritan iki aku nggunakake cara performansi utawa unjuk kerja. Amarga maca guritan kuwi minangka pasinaon kang intine ing praktek maca kang apik. Dadi siji mbaka siji siswa maju ing ngarep kelas dak kon maca guritan. Saka anggone maca siswa iku mau kang dinilai ngenani teknik vokal, interpretasi lan penampilan*”

Saka DR (6) teknik unjuk kerja utawa *performansi* digunakake dening bapak Sumono, amarga kang dievaluasi yaiku pasinaon maca guritan. Maca guritan minangka kawasisan siswa ing perangan katrampilan. Maca guritan arupa tumindak utawa katrampilan, mula kang trep kanggo mbiji yaiku nggunakake teknik unjuk kerja utawa *performansi*.

Cara pandadaran kang ditindakake dening bapak Sumono bisa diarani trep, amarga pandadaran kang ditindakake wis bisa ngukur marang tujuwan kang dirancang. Saliyane iku pandadaran iku wis nyengkuyung marang perangan kognitif lan psikomotor. Pandadaran ing perangan *psikomotor* ditindakake marang asil-asil sinau kang arupa ekspresi. Maca guritan ing ngarep kelas kang dituntut yaiku ekspresi saka siswa nalika maca. Mula pandadaran kang ditindakake dening bapak Sumono wis trep lan becik.

4) Modhel Pasinaon Maca Guritan

Methodhe kang digunakake sajrone pasinaon maca guritan kang ditindakake minangka methodhe gabungan. Tegese methodhe kang digunakake sajrone pasinaon iku ora amung siji, nanging nggunakake methodhe luwih saka siji. Kanthi adhedhasar pameranan methodhe dening para ahli, mula kang digunakake dening bapak Sumono yaiku methodhe ceramah lan methodhe tanya jawab.

Methodhe ceramah digunakake dening bapak Sumono nalika ngandharake materi kang diwulangake. Supaya siswa bisa aktif mula

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

digandhengake klawan metodhe tanya jawab. Ing pasinaon iku para siswa kudu ngrungokake kanthi permati, nulis perangan kang wigati sabanjure para siswa bisa takon utawa diwenehi pitakonan.

Modhel kang digunakake sajrone pasinaon maca guritan, bapak Sumono nggunakake cara permodhelan. Pemodhelan minangka cara kanthi diwenehi tuladha maca guritan kang becik. Saka tuladha-tuladha kang diwenehake dening bapak Sumono sajrone pasinaon ndadekake pasinaon maca guritane nduweni ciri kang mligi. Tuladha-tuladha iku dudu barang paten kang kudu dadi pathokan dening siswa, nanging tuladha iku bisa dikembangake lan ditindakake miturut kawasisan siswane. Bapak Sumono anggone menehi modhel utawa tuladha ora mung saguritan nanging saben materi diwakili kanthi maca guritan

PANUTUP

Dhiskusi

Panliti awèh panyaru marang panliten kang ditindakake ing masyarakat Jawa. Jalaran, anggone ngandharake lan njlentrehake durung jeru. Mula, tindakutur takon kang ditindakake dening panliti isih bisa ditindakake panliten sabanjure.

Dudutan

Pasinaon maca guritan nduweni tujuwan marang siswa supaya siswa bisa trampil maca guritan, sabanjure para siswa bisa nresnani marang kasusastran. Saka rasa katresnane marang kasusastran, siswa diajab bisa ngregani, ngapresiasi lan ngripta sawijining pasinaon. Bab iku kang dadi tujuwan saka pasinaon kang andharake dening para winasis. Pasinaon maca guritan kang ditindakake dening bapak Sumono nuduhake yen pasinaon iku kasusun kanthi sistematis. Ing antarane rancangan, titi laksana, nganti pandhadhane pasinaon nduweni sesambungan lan padha nyengkuyung.

Panliten ngenani pasinaon maca guritan kang ditindakake dening guru kang juru gurit bisa didudut ngenani rancangan pasinaon, modhel pasinaon lan pandhadhane pasinaon. Rancangan pasinaon kang digawe dening bapak Sumono yaiku rancangan saka MGMP kang diowahi dadi RPP karakter utawa kang paling

anyar. Ngowahi rancangan iku uga digayutake klawan kahanane siswa lan sekolahane.

Metodhe kang digunakake dening bapak Sumono ing pasinaon maca guritan yaiku metodhe gabungan. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe ceramah lan tanya jawab. Modhel kang digunakake yaiku permodhelan. Tegese bapak Sumono dhewe mulang uga minangka tuladha tumrap para siswa kanggo maca guritan. Materi kang digunakake ing pasinaon nyengkuyung marang pasinaon kang lelandhesan marang katrampilan maca guritan. Semono uga pandhadharane pasinaon kang ditindakake uga nuduhake kawasisan siswa marang katrampilan maca guritan.

Pamrayoga

Panliten iki isih akeh kurange, adoh saka kasampurnan amarga mung nlliti pasinaon maca guritan. Mula yen ana panliten sabanjure isih akeh kang bisa ditliti kayata: ngenani pasinaon nulis guritan, pasinaon drama, pasinaon cerita lan liya-liyane. Kang diajab dening panliti, panliten sabanjure bisa luwih sampurna lan menehi kaweruh saha cara kang anyar kanggo nindakake pasinaon kang luwih apik. Panliten-panliten sabanjure yen bisa menehi dalan padhang tumrap pasinaon sastra ing sekolahan utamane pasinaon sastra Jawa.

MODHEL PASINAON MACA GURITAN

KAPUSTAKAN

- Alma, Buchari. 2009. *Guru Profesional Menguasai Metode dan Terampil Mengajar*. Bandung. Alfabeta.
- Aqib, Zainal. 2002, *Profesionalisme Guru dalam Pemelajaran*. Surabaya: Insan Cendekia.
- Arikunto, Suharsimi. 1991. *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Endraswara, Suwardi. 2005. *Metode & Teori Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Buana Pustaka.
- Hamalik, Oemar. 1989. *Media Pengajaran*. Bandung: P.T Citra Aditya Bakti.
- Iskandarwassid. 2008. *Strategi Pembelajaran Bahasa*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Kamidjan. 2004. *Ketrampilan Membaca*. Surabaya:university press
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Kata Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Moleong, Lexy. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nurhadi. 1987. *Kajian Bahasa, Sastra, dan Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru
- Rahmanto, B .1998. *Metode Pengajaran Sastra*.Yogyakarta: Kanisius.
- Rohinah, M. Noor 2011. *Pendidikan Karakter Berbasis Sastra Solusi Pendidikan Moral yang Efektif*. Jogjakarta: Ar-Ruzz Media.
- Semi, Atar. 1990. *Rancangan Pengajaran Bahasa dan Sastra Indonesia*. Bandung: Angkasa
- Sayuti, Suminto A. 1985. *Puisi Dan Pengajarannya : Sebuah Pengantar*. Semarang: IKIP Press.
- Suyitno. 1986. *Teknik Pengajaran Apresiasi Sastra dan Kemampuan Bahasa*. Yogyakarta: P.T Hanindita.
- Tarigan, Henry Guntur. 1994. *Membaca Ekspresif*. Bandung: Angkasa.
- Tarigan, Henry Guntur. 1979. *Membaca*. Bandung: Angkasa.